



IJWI RY'UBUHANUZI
ISHURI RYA BIBILIYA
MW IPOSTA

B.P. 1710

BUJUMBURA

BURUNDI

ICIGWA CA 15.

NONE NI NGOMBWA KW ABANA B'IMANA
BABA ABAKRISTO BO MW ISHENERO ?

Umurongo wo kwibukwa : « ...Nk'uko Kristo na we ar'umutwe w'ishengero. » Abanyefeso 5 : 23.

URWINJIZO

Ukurikije insobanuro y'iri jambo ISHENERO, usanga ar umurwi w abantu bahamagawe, canke bitandukanije n'ivyo kw isi. Mwebw'abo mw ishengero ry'Imana... bejeewe muri Kristo Yesu. » 1 Ab'i Korinto 1 : 2.

Rimwe na rimwe ico kibazo kibazwa, ngo « Kuki nkwiye kuba umukristo wo mw ishengero? None sinogira imigenzo myiza ntarinze kuba mw ishengero? None kutaba umukristo wo mw ishengero vyotuma Yesu atanjana mw ijuru? » Umugambi w'iki cigwa n'ukwishura ibi bibazo vyose no gusobanura ingene Imana ikunda umuntu, ari we ishaka ko aba umukristo wo mw ishengero ryayo.

NONE IMANA IRAZI ISHENERO ?

1. None dushobora kwemeza kw Imana ifise ishengero ?

Paulo yemeje kw Imana yari ifise ishengero kera mu gihe ciwe. Ngaha hari insobanuro ivuye mu majambo ya Paulo, yerekana ingene yemera ishengero ry'Imana. « Mwebw'abo mw ishengero ry'Imana ry'i Korinto, bejeewe muri Kristo Yesu, bahamagawe kuba abera. » 1 Ab'i Korinto 1 : 2. « Ariko ninaba ngitevye n'ukugira ng'uz'umenye uko bikwiye kugenzwa mu ngoro y'Imana, ni yo shengero ry'Imana nzima, ... » 1 Timoteyo 3 : 15. « Ntimubere Abayuda igitsitaza, canke Abagiriki, cank'ishengero ry'Imana, » 1 Ab'i Korinto 10 : 32.

Ngaha hatwereka yukw igahe c'intumwa Paulo, Imana yari ifise ishengero ryayo.

2. None Imana yari ifise ishengero imbere y'intumwa Paulo ?

Mu myaka amajana menshi imbere y'igahe c'intumwa Paulo,

Imana yari ifise ishengero. Sitefano yari umwe mu batumwa b'Imana bariho mu gihe c'iyo ntumwa Paulo. Yatewe amabuye arinda apfa azira Yesu. Atarapfa yaravuze, ati « Kandi uwo Mose ni we yari mw ishengero ryo mu bugaragwa, ari kumwe n'umumarayika yavuganiye na we ku musozi Sinayi. » Ivyakozwe n'Intumwa 7 : 38.

Mur'ico gihe Imana yatanze amabwirizwa cumi mu musozi Sinayi. Abana b'Isirayeli hamwe n'abari bafatanije na bo, bari bagize ishengero ry'Imana. ;

3. None har'aho Yesu yigese avuga ivyo kugira ishengero? ?

Umusi umwe Yesu yavuganye na Petero. Abantu bari bavuze ko Yesu ari Yohana Umubatizi, canke kw ari umwe mu bahanuzi. Yesu araheza abaza Petero ingene yiyumvira. Petero na we amwihura, at « Uri Kristo Umwana w'Imana nzima. » Maze Yesu avuga uko Petero ahiriwe kuko yizeye ko Yesu ar'Umwana w'Imana, hanyuma yongera avuga, ati « Kandi kur'urwo rutare nzorwubakaw ishengero ryanje. » Matayo 16 : 18.

Rimwe na rimwe avugwa kw ar'urutare muri Bibiliya. (« Ni nde Gitandara kitari Imana yacu ? » Zaburi 18 : 31). « Kuko banywa ku gitandara c'impwemu cabakurikira, ico gitandara cari KRISTO 1 Ab'i Korinto 10 : 4.

Ubwo Yesu azwi kw ari we gitandara, iryo zina Petero n'uku-vuga ko ari ibuye canke igice c'igitandara nyene. Dukwiye gushimira Imana kw ishengero ryayo ritubatswe kuri Petero nk'uko bamwe bavyizera, Petero umwe yihakana shebuja, abitewe n'integre nke ziwe, wa muntu yihannye ivyaha vyiwe maze akaba umukozi w'Imana. Petero umwe Paulo yakankamira, ati « « Arikó Kefa (Petero) aje muri Antiyokiya, amugisha impari imbonankubone, kuko yari n'ibimutsindishje. » Ab'i Galatiya 2 : 11. Oya nyabuna ! Ntabwo ishengero ry'Imana ryubatswe ku kiremwa ic'ari co cose. Ahubwo ryubatswe kuri KRISTO ubwiwe, « IGITANDARA C'AGAKIZA KACU ». Gusubira mu Vyagezwe 32 : 15.

URUKUNDO IMANA IKUNDA ISHENERO RYAYO.

4. Yesu yakunze ishengero ryiwe ate ?]

« Nk'uko Kristo na we yakunze ishengero, akaryigura. » Abanyefeso 5 : 25. None Yesu yokwerekana urukundo rwiwe mu buryo busumba ubwo? None umuntu ashobora kwerekana urukundo akunda incuti kuruta kuyihebera akayipfira? Yanditse, ati « Kukw ata muntu yigeze kwanka umubiri wiwe, arikw arawugaburira, akawubungabunga, nk'uko Kristo na we agirira ishengero. » Yarigaburiye ivyo kurya vya mpwemu. Paulo yaburiye abayobozi b'ishengero ati : « Mwirinde ubwanyu, muzigame n'ubusho bwose Mpwemu Yera yabashizemwo, ngo mube abo kubuzezw, kugira ngo muragire ishengero ry'Imana, iryo yaguze amaraso yayo. » Ivyakozwe n'Intumwa 20 : 28. Yemwe ngo Kristo aratangira ishengero ryiwe igiciro gikomeye ! Yariguze amaraso yiwe.

Paulo atariga ivyo gukunda Yesu yanka ishengero. Dusoma ivyiwe mu gihe Sitefano yaterwa amabuye, umwe yari umudi-yakoni w'ishengero. Paulo yemeye ko Sitefano aterwa amabuye. (Ivyakozwe 8 : 1) (kandi Paulo yitwa Sauli Ivyakozwe 13 : 9). Mu Vyakozwe 8 : 3, dusoma, ngw « Arikó Sauli yatikiza ishengero ; yinjira mu mazu yose, agakuramw'abagabo n'abagore, akabashira mw ibohero. » « Arikó Sauli akigenda afuhagira,

afitiye abigishwa b'Umwami imihigo n'ubwicanyi. » Ivyakozwe n'Intumwa 9 : 1. Ariko umusi umwe Sauli yararose, murj izo ndoto abona Yesu. Yeretswe ingene yari umunyakibi yahana ishengero ry'Imana. Umutima wiwe uca urahinduka. Imana ica imubwira ico igomba kw'akora, iraheza imutumako umwe mu Bakristo bo mw ishengero ngw aje kuraba Sauli. (Ivyakozwe 9 : 6—18.) « I Damasiko hari umwigishwa yitwa Ananiya : Umwami Yesu aramuyiyereka aramuhamagara, ati Ananiya. Na we ati Sabwe Mwami. Umwami aramubarira, ati Va hasi, uje mu nzira yitwa Igorotse, ubarizeyo mu rugo kwa Yuda umuntu yitwa Sauli w'i Taruso, kukw arikw arasenga. » Ivyakozwe n'Intumwa 9 : 10, 11. Ananiya aratinya, Aravuga, ati Mwami, uwo mugabo ko numvise benshi bavuga ivyiwe, vy'inabi nyinshi yagirira abera bawe i Yeruzalemu, kandi n'ino ahafise ububasha, abuhawe n'abaherezi bakuru bwo kuboha abambaza izina ryawe bose. »

ITEGEREZE NEZA : Muri iyi mirongo biragaragara yuko abakristo bo mw ishengero ry'Imana bari bazwi ko bari abigishwa b'Umwami, kandi ari abatumwa. Ivyakozwe n'Intumwa 8 : 3, n'Ivyakozwe n'Intumwa 9 : 13. Arikw Imana yari yamenye ko Sauli yihannye maze imuvugakw ibi, « Kuk'uwo muntu ar'ikintu nitoranirije, ngw ajane izina ryanje imbere y'abanya-mahanga n'abami b'Abisirayeli : (umurongo wa 15). Nukw Ananiya aja gushaka Sauli, amubonye, aramuhamagara, ati « Sauli mwene Data. » Umurongo wa 17. Paulo (Sauli) yerekanywe imbere y'ishengero ry'abo muri Antiyokiya, ahw'abigishwa batanguriye kwitwa « ABAKRISTO ». Ivyakozwe 11 : 26.

Imana yategetse ishengero ryo muri Antiyokiya, iti « Nimudobanurire Barunaba na Sauli bankorere igikorwa nabahamagariye. Nuko bisonzesheje basenze, babarambitsekw ibiganza, barabarungika. » Ivyakozwe n'Intumwa 13 : 2—4.

Imana irongoza ishengero ryayo Mpwemu Yera. Yateye iteka ishengero ryayo mu kuriha gushingira intahe abaririmwo. Paulo yagenze ingendo ndende kand'ababazwa cane ku bwa Kristo. Twokwibuka ko yatumwa na Mpwemu Yera mu buryo bw'ishengero. Yari umwe mu bakozi b'Imana b'intwari, ntisyshima, ahubwo yifata nk'umwigishwa mw ishengero rya mbere rya Gikristo.

ISHENGERO RY'IMANA RIGERERANYWA N'UMUBIRI

5. Mu Ab'i Kolosayi 1 : 8, « Ni we MUTWE w'umubiri, ari wo SHENGERO. »

Ko ishengero rigereranywa n'umubiri, none UMUTWE ni nde? Har'abizera ko umwigishwa wa Kristo wese ari umutwe w'ishengero. None ijambo ry'Imana rivuga iki? « Kristo n'umutwe w'ishengero, akaba n'Umukiza waryo. » Abanyefeso 5 : 23. None wovuga iki ku mubiri ufise imitwe ibiri? Woba ari umubiri nk'iyindi mibiri isanzwe? Eka data ! ahubwo vyoba ar'ikintu cigawe gusa. Nta handi mw ijambo ry'Imana havuga ko hari uwundi mutwe w'ishengero atari Yesu Kristo gusa. None umutwe ufise umugabane wuhe ku mubiri? Uyobora umubiri kandi ukawutegeka. Utegeka umutima n'inda n'ibindi. None iyo umubiri utagira umutwe umara iki ? Ntaco ufashije na gito. Umeze nk'upfuye gusa, udafise ubuzima. Yesu ni we buzima bw'Ishengero (Yohana 14 : 9)

6. None abakristo bo mw ishengero bagereranywa na nde ?

Abakristo bo mw ishengero bagereranywa n'izindi ngingo z'umubiri. « Kuk'umubiri atari urugingo rumwe, ahubwo ufise ingingo nyinshi. » Umurongo wa 27 uvuga, ngo « Mur' umubiri wa Kristo, n'ingingo, rumwe ukwarwo. » Urugingo rufatanya n'urundi, ingingo zose zigaca zikorana. Iyo ingingo zitakoranye, umubiri uba urwaye, ntushobore gukora umurimo nk'uko bisanzwe. Tugereranye n'uko ukuboko kwovuga, kuti « Noba ukuboko kwiza iyaba ntafatanje n'umubiri. Nzova ku mubiri nkore imirimo nd'ukwanje. » None uko kuboko kwogira kamaro ki kwikuye ku mubiri? Reka dufate akandi karorero ku gutwi. Kuvuze, kuti : « Ariko nshobora kwumva n'aho nova ku mutwe. Nzova ku mubiri mbe ukwanje. » None uko gutwi kubigize kwosubira kwumva ?

Tuvuge n'ivy'inđa. Inda na yo ivuze, iti « Noba inda nziza ntiriwe mba mu wundi mubiri. Nzova ku mubiri. » None uwo mubiri womara igihe kingana gute ? Umubiri ntiwoba ukwiye utagira ingingo zose. Nta rugingo urw'ari rwo rwose rwoba rwiza rutabayre urw'umubiri. Niko bimeze no mw ishengero ry'Imana. Umuntu yokwanka kuba urugingo rw'woo mubiri, ntaba yononnye ishengero gusa, ahubwo na we nyene aba abuze inkomezi n'imibereho y'ivy'umutima. « Ijisho ntiryoshobora kubarira ikiganza ngo Ntaco ummariye ; canke umutwe kubarira ibirenge, ngo Ntaco mummarie. Ariko biri ukundi rwose : ingingo z'umubiri ziyyumvirwa kw ar'iz'intege nke inyuma y'izindi, ni zo zitohara. » 1 Ab'i Korinto 12 : 21, 22.

**AKAMARO KO KUBA UMUKRISTO WO MW ISHENGERO
RY'IMANA.**

7. Kuba mw ishengero ry'Imana bigirira umuntu akamaro ki kurusha abataririmwo ?

Ab'afise icubahiro co gusengera hamwe n'abandi. « Nimuze tumusenge twunamye, dupfukamire Uhoro Umuremyi wacu. Zaburi 95 : 6.

Ukw Imana ihura n'ubwoko bwayo, ab'abonye akamaro ko guhesh'Imana icubahiro mw ikoraniro ry'abandi. « Ni we Mana iteye ubwoba bwinshi mw ikoraniro, n'iyo gutinywa kuruta abayikijke bose. Zaburi 89 : 7.

Akunda bagenzi biwe, « Namwe mwese mur'abavukana. atayo 23 : 8. « Nk'uko nabakunze abe ariko namwe mukundana. Yohana 13 : 34.

Yishimira gufashwa n'abagenzi biwe. « Nuko rero, iyo turonse uburyo, tugirire bose neza, cane-cane ab'inzu y'abizera. » Ab'i Galatiya 6 : 10.

Asengerana na bagenzi biwe. « Mwaturirane ivyaha vyanyu, musengeranire, kugira ngo mukire indwara. » Yakobo 5 : 16.

Aba umwe na bagenzi biwe. « Bose babe umwe muri twe. » Yohana 17 : 21.

8. Ubw'imigisha y'ivy'Uhoro ibonekera mu makoraniro yo gusenga Imana, tuyumva dute mu vyerekeye ivyo ?

« Twove guheba gukoranira hamwe, nk'uko bamwe bagira, ariko duhanurane, kandi uko mubonye wa musi wegereza, murushirize kugenza murtyo. » Abaheburayo 10 : 25. Ariko

umuntu wese ashobora guterana nabagenzi biwe mu gusenga Imana. Guteranira hamwe n'abagenzi mu gusenga Imana. Guteranira hamwe na bagenzi biwe kuzomutera inkomezi, kandi anezereza Imana.

9. Imana ivuga iki ku badakunda kwifatanya n'ishengero ryayo ?

« Utamperereyeko n'umwansi wanje. kandi udasukiranya nanje arasanzaza. » Matayo 12 : 30.

Reka dutange urugero gurtya : Iyo umusirikari wo mur'iki gihugu avuga, ati « Nd'umusoda wa Leta yacu, ariko sinezerwa no kuba mu ntwaremiheto (n'ukuvuga ko atashaka kufatanya n'abandi basirkare). » « Nokunda kurwanira intambara aho nishakiye mu ngabo zose. » Noneho rero umusirikari wese yotwara ivyambarwa vyiwe (impuzu-ibirato-imbunduki) akarwanira aho ashakiye hose. None bibaye gurtyo umwansi yoneshwa mu ntambara ? Haba na gato ! Umuntu abereye igitugu ciwe intungane, yokwifatanya n'itwaramiheto z'i wabo bakarwanirira hamwe abansi. Namba umuntu agomba kurwanya Satani, wa mwansi w'Imana n'abantu, ntazokwanka kwifatanya n'ingabo z'Imana, ari ryo shengero. Azokunda kufatanya hamwe na Kristo. **WA MUTWE W'ISHENERO.**

ISHENERO RY'IMANA RYAMAHO.

10. Ishengero ry'Imana rizomara igihe kingana iki ?

Imyaka yose. « Icubahiro kibe icayo mw ishengero no muri Kristo Yesu, kugeza ku buzukuruza bose b'ibihe bitazoshira. Amen. » Abanyefeso 3 : 21.

11. Amazina y'abakristo bo mw ishengero ry'Imana yanditswe hehe ?

« N'Ishengero ry'abana b'imfura banditswe mw ijuru. » Abaheburayo 12 : 23.

12. Ishengero ry'Imana rizoba rimeze gute ni yaza kurijana aho ari ubwiwe ?

« Aryishire, ar'ishengero rifise ubwiza, ridafise amarabaga cank'injebejbe cank'ikintu cose gisa girtyo, ariko ribe ryera ridafise agasembwa. » Abanyefeso 5 : 27.

Imana ivuga kw ishengero ryayo ar'umwambaro wera, rizoba ridafise ikizinga cank'ibara iryo ariryo ryose. Rizoba ISHENERO ryera.

UBURYO BWO KUBA UMUKRISTO W'ISHENERO.

13. Ni bande bashobora kuba abakristo bo mw ishengero ry'Imana ?

« Imana ntitoranya abantu ku butoni, ariko mu mahanga yose nyubaha, agakora ivy'ukugororoka, iramwemera. » Ivyakozwe n'Intumwa 10 : 34, 35. Imana izoba irifisemw'abantu b'amoko yose.

14. Umuntu ashaka kuba umukristo wo mw ishengero ry'Imana akwiye gukora ibihe bintu ?

Imbere yo kuba umukristo wo mw ishengero ry'Imana, umuntu ategerezwa kugira ibantu vyinshi akora. Subira mu cigwa c'indwi. Mur'ico cigwa c'indwi havuga ko umuntu akwiye kwizera KUGOROKA kw Imana, akaba agomba kwirega ibicumuro vyiwe imbere y'Imana, n'imbere y'uwo yacumuyeko. Arangije agaheza akabatizwa. Yesu ataraja kwa Se yaravuze, ati « Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'iry Mpwemu Yera ; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umwe, ndi kumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w'isi. » Matayo 28 : 19, 20.

Mur'iki cigwa twabonyemwo ko umuntu atarifatanya n'ishe-
ngero akwiye kubanza :

- a) Kwigishwa agakomeza ivyo Yesu yategetse vyose. Nta kugororoka kwobanziriza ivyo.
- b) Kubatizwa kw izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'iry Mpwemu Yera.

15. None umwana mutoyi akwiriye kubatizwa ?

Oya. Umwana mutoyi ntashobora kwigishwa, kwizera, kandi ntiyokwigaya. None abana bayo bokwitegurira kubatizwa gute ? Nta muvyeyi uw'ari we wese ashobora gukiza umwana wiwe ngo amutange abatizwe.

« Naho coba kirimwo Nowa na Daniyeli na Yobu, ndahiye, ukubaho kwanje, ni k'Umwami Uhoro agize, nta we borokora ar'umuhungu wabo cank'umukobwa wabo ; atar'ayabo magara gusa bokiza, kubw'ukugororoka kwabo. » Ezekielyi 14 : 20.

Nta cemezo ic'ari co cose kiri mw ijambo ry'Imana cemeza k'umwana mutoyi abatizwa.

Hanyuma y'imyaka myinshi Yesu amaze kuja mw ijuru, niho ivyo kubatiza abana bato vyinjiwe mw ishengero. Iyo umwana w'umukristo apfuye atabatijwe, twemeza rwose k'uwo mwana azokizanywa n'umuvyeyi wiwe mu bwami bw'Imana

IMPAMVU Z'UMUBATIZO

16. Umubatizo n'ikimenyetso c'iki ?

Umuntu ntabatirizwa kwerekana kw aruta abandi ubwiza. Iyo abatijwe aba yerete ababa kw isi yuko atandukanye n'ibi-
ntu vyo kw isi vyose ; ivyo Satani ashaka kumukoresha, noneho akaba agiye kugendana na Kristo, kandi akifatanya n'ishengero ry'Imana, N'ikimenyetso kigaragaza ko yakiriye urupfu rwa Kristo mu kibanza c'urupfu rwiwe rwa rupfu rw'imyaka yose. « Canke ntimumzi yuko twese ababatirijwa kuba muri Kristo Yesu, twabatirijwe kuba mu rupfu rwiwe, kugira ngo, nk'uko Kristo yazuwe mu bapfuye n'ubwiza bwa Data wa twese, abe ari ko natwe tugendana ubugingo busha. » Abaroma 6 : 3, 4

Umubatizo n'ICIBUTSO C'URUPFU N'UKUZUKA KWA YESU, mu murongo wa gatanu w'iki gice, Paulo avuga, ati « Ko twakoranjwe na we n'igishushanyo c'urupfu rwiwe, tuzokoranywa na we n'ic'ukuzuka kwiwe na co. »

17. Muri Bibiliya havugwa mibatizo ki ?

« Hariho Umwami umwe, ukwizera kumwe, no kubatizwa kumwe. » Abanyeleso 4 : 5.

UBURYO BW'UKUBATIZA

18. None Bibiliya yigisha ko umuntu akwiriye kubatizwa ate ?

Yesu yatubereye akarorero keza uri vyose. None Yesu yabatijwe gute? « Yesu amaze kubatizwa aca ava mu mazi ; maze ijuru riruguruka, abona Mpwemu w'Imana, amanuka asa n'inuma amugwako. Buno rer'ijwi riva mw ijuru , rit'Uyu ni we Mwana wanje nkunda, akampimbara. » Matayo 3 : 16.

Bavuga ko uwabatije Yesu (Yohana Umubatizi) yabatiriza « ahitwa Ayinoni, hafi y'i Salimu, kukw aho hari amazi mens hi» Yohana 3 : 23.

Kugira ngo wibuke urupfu rwa Yesu n'ukuzuka kwiwe, ukwiye guhambwia ukongera ukazuka. Abakristo ba kera bahora bahambwa mu buryo bw'ukubatizwa. Filipo yabatije ya nkone y'Umunyetiyopiya, bivuga, ngo «Baja mu mazi bompi, Filipo n'yo nkone, arayibatiza.» Ivyakozwe n'intumwa 8 : 38, 39.

Yesu amaze kuva kur'iyi si, haciey imyaka mwinshi umubatizo wo gutonyangiriza amazi mu ruhanga winjizwa mw ishengero, kandi nta buryo na buke uwo mubatizo werekana gupfa, ahubwo ab'atonyangirijweko amazi gusa, ab'adasobanukiwe n'impamvu y'umubatizo akongera akabatizwa. Yesu avuye mu mazi Se yaravuze, at'Uyu ni we Mwana wanje nkunda, akampimbara. » Matayo 3 : 17.

Imana na yo yokwishimira ko wobatizwa nk'uko Yesu yabatijwe.

19. Niki gikurikira ukubatizwa ?

« None rero kubatizwa kwatumye duhambanwa na we tuba mu rupfu rwiwe, kugira ngo, nk'uko Kristo yazuwe mu bapfuye n'ubwiza bwa Data wa twese, abe ari ko natwe tugendana ubugingo busha. » Abaroma 6 : 4. « Nukw abemeye amajambo yiwe barabatizwa : abongewe kur'ubo musi ku bari basanzweho bari nk'ibihumbi bitatu (3.000). Umwami Imana akabongera imisi yose abama barakizwa. » Ivyakozwe n'Intumwa 2 : 41, 47,

Kugendera mu bugingo busha no kwifatanya n'ishengero ry'Imana, bikurikira ukubatizwa. Ivyo s'ukuvuga k'umuntu atazogeragezwa cucumura. Yesu yarageragejwe na Satani amaze kubatizwa. « Arikò n'uwageragejwe uburyo bwose nka twe, yamara'we nta caha yakoze. » Abaheburayo 4 : 15. « Nta caha yakoze, kandi nta bugunge bwabonetse mu kanwa kiwe. » 1 Petero 2 : 2?. Arikò yarageragejwe !

Iyo umuntu yihaye Kristo , na Kristo aramufasha, ngo ashobore kunesha ibigeragezo. Yesu yaneshesheje Satani Ivyanditswe Vyera. Yesu ni we Jambo ryamaho. (Yohana 1 : 14). Kandi Ivyanditswe Vyera nivyo Jambo ry'Imana. Ivyanditswe Vyera bifise ububasha bwavyo nk'uko vyari bibufise mu gihe ca Yesu.

20. None uwabatijwe wese azokizwa ?

« Uwizera akabatizwa azokizwa. » Matayo 16 : 16.

Kur'uyu murongo hokongerwakw iyindi mirongo ibiri : « Wame uyoboka gushitsa ku gupfa, nanje nzoguha igitsibo c'ubugingo. » Ivyahishuwe 2 : 10. » « Arikò uwihangana agashitsa kw iherezo , ni we azokira. » Matayo 24 : 13.

Dukwiye kurangiza iyi mirongo tuyuga ko uwabatijwe akihangana, akagororoka mu kubaho kwiwe, kugeza aho Yesu azozira, AZOKIZWA ! Izina ryiwe ntirizohanagurwa mur'ico gitabo c'ubugingo. Niba umuntu yarakoze ivy'agomba vyose vyo mw ijambo ry'Imana, canke kwizera canke kwihangana, no kwatura ibicumuro vyiwe, ntiyateba kubatizwa.

« None ikigutevy a n'iki? Va hasi UBATIZWE, wiyuahigire ivyaha vyawe, wambaze izina ryiwe. » Ivyakozwe n'Intumwa 22 : 16. Iki kibazo kizosubizwa n'icigwa kimwe mu bizokurikira. Nzomenya ishengero ry'Imana gute? Uzoshaka kwiga ico cigwa.

IBIBAZO VY-ICIGWA CA 15

1. MUGIHE C-isezerano ryakera Imana yari ifise ishengero ?

- A. Ego, yari ifise ishengero rimwe
- B. Ego, yari ifise amashengero meushi
- C. Oya, nta shengero yari ifise

2. Ninde mutwe w-ishengero ?

- A. Mpwemu yera
- B. Yesu kristo
- C. Intumwa petero

3. Ishengero ny-Imana rigereranywa n'iki ?

- A. Umutwe
- B. Umubiri
- C. Ururimi



4. Umuntu yobatizwa ate ?

- A. Kumwibiza mu mazi
- B. Kumusuka amazi ku mutwe
- C. Kujabuka uruzi n'amaguru

5. Imana ifise amashengero angahe ?

- A. Menshi cane
- B. Amashengero yose
- C. Ishengero rimwe rudende

**IJWI RY'UBUHANUZI
ISHURI RYA BIBILIYA MW IPOSTA
B.P. 1710 Bujumbura
Burundi.**



Izina

Ah'uba